**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING QARORI**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ**

2023 - yil 21 - oktabr 359-13-0-Q/23 Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

# Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması haqqındağı rejesin tastıyıqlaw haqqında

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 27-iyuldağı "Hákimshilik reformalar sheńberinde mádeniyat hám turizm tarawında mámleketlik basqarıwdı nátiyjeli shólkemlestiriw ilajları haqqında"ğı PP-114-sanlı Pármanı hám "Turizm bağdarındağı reformalardı jáne de jedellestiriw hám tarawda mámleketlik basqarıw sistemasın nátiyjeli shólkemlestiriw ilajları haqqında"ğı PQ-238-sanlı Qararı hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarğı Keńesi Prezidiumınıń 2023-jıl 28-sentyabrdegi "Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarmasın shólkemlestiriw haqqında"ğı 1351-sanlı Qararın orınlaw boyınsha "Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi haqqında"ğı Nızamınıń 11-statyasına tiykarlanıp, Ministrler Keńesi **qarar etedi:**

**1.** Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 27-iyuldağı "Hákimshilik reformalar sheńberinde mádeniyat hám turizm tarawında mámleketlik basqarıwdı nátiyjeli shólkemlestiriw ilajları haqqında"ğı PP-114-sanlı Pármanı hám "Turizm bağdarındağı reformalardı jáne de jedellestiriw hám tarawda mámleketlik basqarıw sistemasın nátiyjeli shólkemlestiriw ilajları haqqında"ğı PQ-238-sanlı Qararı hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarğı Keńesi Prezidiumınıń 2023-jıl 28-sentyabrdegi "Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarmasın shólkemlestiriw haqqında"ğı 1351-sanlı Qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

**2. Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması haqqındağı rejesi** *1-qosımsha*ğa;

**Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması dúzilisi** *2-qosımsha*ğa muwapıq tastıyıqlansın.

**3.** Usı qarardıń orınlanıwın qadağalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi baslığınıń orınbasarı R.P.Zarikeevke júklensin.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken'esi baslıg'ı** **F.Ermanov**

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023-yil 21-oktabrdagi
359-13-0-Q/23-son qaroriga
1-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikası**

**Turizm basqarması haqqında**

**REJE**

Usı Reje Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 27-iyuldaǵı "Hákimshilik reformalar sheńberinde mádeniyat hám turizm tarawında mámleketlik basqarıwdı nátiyjeli shólkemlestiriw ilajları haqqında"ǵı PP-114-sanlı Pármanı hám "Turizm baǵdarındaǵı reformalardı jáne de jedellestiriw hám tarawda mámleketlik basqarıw sistemasın nátiyjeli shólkemlestiriw ilajları haqqında"ǵı PQ-238-sanlı Qararı hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń 2023-jıl 28-sentyabrdegi "Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarmasın shólkemlestiriw haqqında"ǵı 1351-sanlı Qararına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması mártebesi, tiykarǵı wazıypaları, funkciyaları, huqıqları, juwapkershiligi, iskerligin shólkemlestiriw hám esabat beriwi tártibin, sonıń menen birge, onıń basshılarınıń funkcional wazıypaların belgileydi.

## 1-bap. Ulıwma qaǵıydalar

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması (keyingi orınlarda Basqarma dep júritiledi) turizm tarawında mámleketlik siyasatın Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında ámelge asırıw ushın juwapker bolǵan wákillikli uyım esaplanadı.

2. Basqarma usı Reje tiykarında iskerlik júrgizedi.

3. Basqarma Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi hám Ózbekstan Respublikası Ekologiya, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám ıqlım ózgeriwi ministrligi janındaǵı Turizm komitetine (keyingi orınlarda Komitet dep júritiledi) boysınadı.

4. Basqarma óz wákilligi sheńberinde qabıl etken buyrıqları basqarıw apparatı xızmetkerleri tárepinen atqarılıwı májbúriy esaplanadı.

5. Basqarma yuridikalıq shaxs esaplanadı. Basqarma Qaraqalpaqstan Respublikası Mámleketlik gerbi súwreti túsirilgen hám óz atı mámleket tilinde jazılǵan mórge hámde ǵárezsiz balansqa, Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi aymaqlıq qaznashılıǵında jeke qazna esap betlerine, bank esap sanlarına iye boladı.

6. Basqarmanıń rásmiy atı:

a) mámleket tilinde:

tolıq atı - Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması, qısqartılǵan atı - QR Turizm basqarması;

b) ózbek tilinde:

tolıq atı - Qoraqalpogʻiston Respublikasi Turizm boshqarmasi, qısqartırılǵan atı - QR Turizm boshqarmasi;

v) rus tilinde:

tolıq atı – Управление туризма Республики Каракалпакстан, qısqartılǵan atı – Управление туризма РК;

g) inglis tilinde:

tolıq atı - Department of tourism of the Republic of Karakalpakstan, qısqartılǵan atı - Department of tourism of the RK.

7. Basqarmanıń jaylasqan jeri (pochta mánzili): Qaraqalpaqstan Respublikası, Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi 17 A-úy.

## 2-bap. Basqarmanıń wazıypaları hám funkciyaları

8. Tómendegiler Basqarmanıń tiykarǵı wazıypaları hám funkciyaları esaplanadı:

Basqarma turizm tarawında birden-bir mámleketlik siyasattı ámelge asıradı hámde usı tarawda nızamshılıqqa ámel etiliwi ústinen qadaǵalawdı alıp baradı;

turizm potencialı kólemin keńeytiwde hám turizm imidjin bekkemlewde tiyisli jumıslardı ámelge asıradı;

turizmdi rawajlandırıw jaǵdayı monitoringin júrgizedi, olardı aymaqta jáne de rawajlandırıw boyınsha hár jıllıq prognozlardı qáliplestiredi;

turizm túrlerin kóbeytiw, jańa turizm baǵdarların islep shıǵıw, ishki hám zıyarat turizmi, ekologiyalıq turizm, etnoturizm, isbilermenlik turizmi, sport, gastronomikalıq, medicinalıq, bilimlendiriw hám ilimiy turizmdi hár tárepleme rawajlandırıw boyınsha usınıslardı tayarlaydı;

turizm infrastrukturasın qáliplestiriw, bárinen burın, turizm baǵdarları boylap miymanxanalar hám kempingler, ulıwma awqatlanıw obyektleri hám turizmnıń basqa infrastrukturaların qáliplestiriw boyınsha usınıslar islep shıǵadı;

turizm obyektlerin jaylastırıw ushın potencialı joqarı bolǵan aymaqlarda rejelestiriw hám joybarlaw jumısların shólkemlestiredi, olarǵa investorlardı tartıw, turizm tarawında isbilermenlik belsendiligin arttırıwına hár tárepleme kómeklesedi, turizm obyektlerin mámleketlik-jeke menshik sheriklik tiykarında nátiyjeli basqarıw hámde usı tarawdı basqıshpa-basqısh tolıq sanlastırıw jumısların alıp baradı;

ishki turizmdi hár tárepleme keńeytiw, xalıqaralıq hám mámleketleraralıq standartlar hámde normalardı turizmniń jumısı hám ámeliyatına engizip baradı;

turizmdi rawajlandırıw boyınsha milliy hám aymaqlıq dástúrlerdiń orınlanıwın, turizmdi rawajlandırıw dástúrleriniń ámeldegi orınlanıwın támiyinlew ilajların kóredi;

jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları hám basqa shólkemler qatnasında ishki, kiriw hám shıǵıw turizmin kompleks rawajlandırıw dástúrleriniń orınlanıwın támiyinleydi;

turizm tarawınıń túrli jónelis hám túrleriniń rawajlanıw tendenciyaları boyınsha ilajlarǵa usınıslar islep shıǵadı;

aymaqtıń turizm potencialınan kelip shıǵıp turizmnıń perspektivalı baǵdarların rawajlandırıw boyınsha usınıslardı Komitetke kiritedi;

turizm iskerligin rawajlandırıwdı muwapıqlastırıw, aymaqlarda jańa turizm baǵdarları ashılıwın támiyinlew, olardı pasportlastırıw, turizm tarawındaǵı birden-bir reestrlardı qáliplestirip baradı:

turizm iskerligin belgilengen tártipte licenziyalawdı ámelge asıradı;

aymaqta ministrlikler, mákemelerdiń aymaqlıq bólimleri hámde basqa da shólkemlerdiń turizm tarawındaǵı jumısın muwapıqlastıradı;

aymaqta turizm tarawına tiyisli bolǵan dástúriy-metodikalıq hámde belgilengen tártipte tastıyıqlanǵan basqa normativ-huqıqıy hújjetlerdiń orınlanıwın támiyinleydi;

turizm tarawında ilimiy izertlewlerdi rawajlandırıw, sonıń menen birge, ilimiy izertlewler nátiyjelerin ámeliyatqa engizedi hám bul jumıslar aymaqta ótkeriliwin muwapıqlastıradı;

aymaqtaǵı turizm veteranları hám basqa qánigelerdi mámleket basqarıwınıń basqa da aymaqlıq shólkemleri menen birgelikte social qorǵaw máselelerin sheshedi;

aymaqta turizmniń rawajlandırıw keleshеklerin belgileydi;

jergilikli mámleketlik basqarıw uyımları, puqaralardıń ózin ózi basqarıw uyımları, ǵalaba xabar quralları menen birgelikte turizm tarawın ǵalabalastırıw jumısların shólkemlestiredi;

tiyisli túrde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Baslıǵı, rayon (qala) hákimleri, prokuratura, ishki isler hám mámleketlik salıq xızmeti aymaqlıq uyımları basshıları basshılıq etetuǵın kompleks social-ekonomikalıq rawajlandırıw sektorları menen óz-ara sheriklik etedi;

jáhán ilimiy-texnikalıq rawajlanıwı jetiskenlikleri, shet el mámleketlerdiń aldıńǵı tájiriybesi ulıwmalastırılıwın hámde bul tabıslardıń aymaqta engiziliwin támiyinleydi;

aymaqta konferenciyalar, kórgizbeler hám ilajlardı ótkeredi;

turizm xızmetleri bazarında básekelikti rawajlandırıwda hámde turizm tarawında jumıs alıp barıwshı mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler hám puqaralıq jámiyettiń basqa da institutların qollap-quwatlaydı hám rawajlanıwına járdem beredi;

kadrlardı milliy hám ulıwma insaniylıq qádiriyatlar, adamgershilik, joqarı ruwxıylıq hám professionalizm ruwxında tayarlaw boyınsha islerdi shólkemlestiredi, aymaqta xalıqtıń óz fizikalıq, ulıwma bilim beriw hám mádeniy dárejesin asırıwǵa bolǵan umtılıwların xoshametlew jumısların alıp baradı;

xalıqaralıq baylanıslardı ámelge asırıw hám rawajlandırıw, sheriklik boyınsha xalıqaralıq joybarlardı islep shıǵıwda qatnasadı, tarawǵa shet el investiciyalar hámde grantlardı tartıwda qatnasadı;

tiyisli aymaqta turizmdi rawajlandırıw haqqındaǵı xabardı toplaw hám analiz qılıwdı ámelge asıradı hám onı Komitetke, jergilikli mámleketlik basqarıw uyımlarına usınıs etedi;

tiyisli aymaqta turizm potencialın asırıwǵa qaratılǵan qısqa, orta hám uzaq múddetke mólsherlengen pútin koncepciya ámelge asırılıwın támiyinleydi;

turizm resursların saqlaw hám rawajlandırıw júzesinen jergilikli mámleketlik basqarıw uyımları menen sheriklik etedi;

tiyisli aymaqta turizm iskerligi rawajlanıwın támiyinleydi, jańa turizm jónelislerin shólkemlestiriwge kómeklesedi;

turizm tarawı subyektlerine olardıń iskerligin shólkemlestiriw menen baylanıslı máselelerde metodikalıq hám másláhát járdemin kórsetedi;

tiyisli aymaqta háreketleniw waqtında turistler hám ekskursantlardıń turistik resurslarǵa tosqınlıqsız kiriwin támiyinlewge kómeklesedi;

turizm potencialın rawajlandırıw, turizmdi rawajlandırıwǵa tosqınlıq qılıp atırǵan irkinishlerdi saplastırıw, sonıń menen birge, turizm tarawında isbilermenlik iskerligin xoshametlew boyınsha usınıslar islep shıǵadı;

turizm tarawında kadrlar tayarlaw, qayta tayarlaw hám olardıń mamanlıǵın asırıw boyınsha belgilengen ilajlarda hámde aymaqtıń bilimlendiriw mákemelerin joqarı mamanlı kadrlar hám basqa qánigeler menen támiyinlewde qatnasadı;

aymaqta turizm tarawındaǵı dástúrlerdi shólkemlestiriw, ǵalabalıq ádebiyatlardı baspadan shıǵarıwǵa hámde bul tarawda bar video hám kino materiallar islep shıǵılıwına járdem kórsetedi hám qatnasadı;

xalıqaralıq hám shet el shólkemler menen sheriklikti rawajlandırıw, atap aytqanda, qarjı institutlardıń grantları, kreditleri hám qáwenderlik qayırqomlıqların qosıw ilajların kóredi.

## 3-bap. Basqarmanıń huqıqları hám juwapkershiligi

9. Basqarma olarǵa júklengen wazıypalar hám funkciyalardı ámelge asırıw ushın:

1) mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleri, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları aymaqlıq bólimlerinen óz wákilligine kiretuǵın máselelerdi sheshiw ushın zárúr bolǵan maǵlıwmatlardı belgilengen tártipte soraw hám alıw;

2) óz wákilligine kiretuǵın máseleler boyınsha usınıslardı mámleketlik hám xojalıq basqarıw aymaqlıq uyımlarına, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımlarına kórip shıǵıw ushın kiritiw;

3) turizm infrastrukturasın rawajlandırıw ushın sharayatlardı jaratıw sheńberinde jol qoyılǵan kemshiliklerdi saplastırıw haqqında kórip shıǵılıwı májbúriy bolǵan usınıslardı mámleketlik basqarıw uyımları hám xojalıq birlespeleriniń aymaqlıq bólimlerine, jergilikli mámleketlik hákimiyatı uyımlarına jiberiw;

4) turizm tarawın rawajlandırıw máselelerinde, sonday-aq, aymaqlardı rawajlandırıw boyınsha jumıslar hám joybarlardı qarjılandırıw máselelerinde mámleket hám xojalıq basqarıwı aymaqlıq uyımları, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımlarınıń ǵárejetler smetaların kórip shıǵıw hám kelisiwde qatnasıw;

5) ilimiy hám ekspertlik jumısların alıp barıw, másláhát beriw, turizm

tarawındaǵı aktual máselelerdi islep shıǵıw ushın ilimpazlardı, ministrlikler, hákimshilik, bilimlendiriw mákemeleri hám basqa mákemelerdiń joqarı tájiriybeli qánigelerin usınıs etiw, sonıń menen birge, Komitet penen kelisken halda tiyisli bilimlendiriw mákemelerinde sabaq beriw hám sheberlik sabaqların ótkeriw ushın tájiriybeli qánigelerdi usınıs etiw;

6) turizm tarawında ǵalabalıq ilajlar ótkeriliwin belgilengen tártipte shólkemlestiriw;

7) mákemelik tiyisli shólkemler ushın úskeneler, inventar hám basqa zárúr úskenelerdi satıp alıw;

8) óz aymaǵı kólemindegi turizm tarawındaǵı tańlawlar jeńimpazı hám prizyorların sıylıqlaw ushın diplomlar hám basqa da sawǵalardı satıp alıw;

9) aymaqtaǵı turizm wákilleri hám basqa qánigelerdi sıylıqlaw, sonday-aq, olarǵa ataqlar hám mamanlıq tayıpaların beriw boyınsha usınıslardı belgilengen tártipte kirgiziw;

10) turizm tarawında ǵalabalıq ilajlar ótkeriliwin, sonıń menen birge, aymaqtıń turizm tarawı wákillerin, sonday-aq, mákemelik tiyisli shólkemler tárepinen ótkeriletuǵın túrli tańlawlar hám basqa da ilajlarǵa tayarlawın hám qatnasıwın qarjılandırıw;

11) aymaqtaǵı turizm tarawında festivallar, tańlawlar, ǵalabalıq ilajlardıń jeńimpaz hám prizyorları, sonıń menen birge, basqa qatnasıwshı, qánigelerdi estelik diplomlar hám bahalı sawǵalar menen sıylıqlaw boyınsha Komitetke usınıslar kirgiziw;

12) óz wákilligi sheńberinde konferenciyalar, seminarlar, simpoziumlar, kórgizbeler, yarmarkalar hám basqa ilajlardı ótkeriw, sonıń menen birge, basqa shólkemler tárepinen ótkeriletuǵın sonday ilajlarda qatnasıw;

13) aymaqta turizm tarawın rawajlandırıwǵa qaratılǵan ilajlardı birgelikte islep shıǵıw maqsetinde xalıqaralıq, shet el hám respublika shólkemleri menen belgilengen tártipte baylanısıw;

14) aymaqtıń turizm tarawı potencialın já능riyalawshı reklama hám úgit-násiyat ónimlerin (reklama kórinisindegi audio hám video materiallar, qollanbalar, kartalar hám basqa reklama materialların) tayarlawǵa buyırtpa beriw;

15) turizm tarawında islew ushın jetekshi shet el qánigelerin shártnama tiykarında tartıw;

16) aymaqtıń turizm hám mádeniy miyras tarawlarında ayrıqsha órnek

kórsetken xızmetkerlerin hám wákillerin mámleketlik sıylıqlarǵa usınıw haqqında Komitetke usınıslar kirgiziw huqıqına iye.

Basqarma nızamshılıqqa muwapıq basqa huqıqlarǵa hám iye bolıwı múmkin.

10. Basqarma:

1) Ózine júkletilgen wazıypalar hám funkciyalardıń sapalı hám waqtında orınlanıwın támiyinlewi;

2) Basqarmanıń iskerligi menen baylanıslı prognoz kórsetkishlerge erisiliwin támiyinlewi;

3) Komitetke kirgiziletuǵın hújjetler joybarları hám usınıslardıń sapası;

4) aymaqlarda anıqlanǵan mashqalalardı hár tárepleme tereń analiz etiw hámde ulıwmalastırıw tiykarında Qaraqalpaqstan Respublikasında turizmdı rawajlandırıwǵa tiyisli usınıslar tayarlanıwı;

5) Qaraqalpaqstan Respublikasında turizm tarawın rawajlandırıw boyınsha baǵdarlamalar, ilajlardıń jobaları, "jol kartaları" hám basqa dástúriy hújjetlerdiń Qaraqalpaqstan Respublikasında nátiyjeli ámelge asırılıwı, mashqalalı máseleler sheshiliwi;

6) sistemadaǵı shólkemler tárepinen byudjet hám byudjetten tısqarı qorlar maqsetli hám nátiyjeli jumsalıwı ushın juwap beredi.

Basqarma nızamshılıqqa muwapıq basqa minnetlemege de iye bolıwı múmkin.

## 4-bap. Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması

## baslıǵınıń tiykarǵı funkcional wazıypaları

11. Tómendegiler Basqarma baslıǵınıń tiykarǵı funkcional wazıypaları esaplanadı:

1) Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyası hámde nızamları talaplarına, sonıń menen birge, basqa da normativ-huqıqıy hújjetlerge ámel etiw;

2) Basqarma iskerligine ulıwma basshılıq etiw hám baqlaw, olarǵa Ózbekstan Respublikası Prezidenti hám Ministrler Kabinetiniń qararları hámde basqa nızamshılıq hám Komitettiń buyrıqları menen júklengen wazıypalar hám funkciyalar orınlanıwın shólkemlestiriw;

3) Basqarma iskerligi menen baylanıslı prognoz kórsetkishlerge erisiwdi sózsiz támiyinlew boyınsha ámeliy ilajlardı islep shıǵıw hám qabıllaw;

4) Ózbekstan Respublikası Prezidenti hám Ministrler Kabinetiniń, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesiniń hújjetleri hám tapsırmaları orınlanıwın támiyinlew, atqarıw tártibin bekkemlew boyınsha kompleks ámeliy ilajlardı ámelge asırıw, sonıń menen birge, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń hújjetleri hám tapsırmaların sapalı hám nátiyjeli atqarıw, sonıń menen birge, atqarıw intizamınıń bekkemleniwi ushın Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Nızamshılıq hújjetleri atqarılıwın nátiyjeli shólkemlestiriwde mámleket basqarıw uyımları hám jergilikli atqarıwshı hákimiyat uyımları basshılarınıń jeke juwapkershiligin kúsheytiwge tiyisli qosımsha ilajlar haqqında"ǵı 2021-jıl 10-fevraldaǵı PF-6166-sanlı Pármanına hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 31-maydaǵı ""Ijro.gov.uz" atqarıw tártibi mákemelerara birden-bir elektron sisteması nátiyjeli iskerlik kórsetiwin támiyinlewge qaratılǵan qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PQ-5132-sanlı Qararına muwapıq tapsırmalardıń óz waqtında hám sapalı orınlanıwı ushın ministrlik xızmetkerleriniń jeke juwapkershiligin asırıw ilajların kóriw;

5) Komitet buyrıqları, Komitet baslıǵı hám onıń orınbasarlarınıń tapsırmaları óz waqtında hám sapalı orınlanıwın támiyinlew;

6) turizm tarawına kiretuǵın máseleler boyınsha jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları hám kompleksli social-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha sektorlar menen birgelikte islesiw;

7) óz orınbasarlarınıń wákilliklerin belgilew, olar arasında wazıypalardı bólistiriw, basqarmanıń basqa lawazımlı shaxslarınıń wákilliklerin belgilew, Basqarmanıń aymaqlıq bólimleri iskerliginiń ayrıqsha aymaqlarına basshılıq etiw ushın óz orınbasarları hám basqa lawazımlı shaxslardıń jeke juwapkershiligi dárejesin belgilew;

8) Basqarma iskerligin jobalastırıwdı shólkemlestiriw, óz orınbasarlarınıń shereklik jumıs jobaların tastıyıqlaw, olardıń orınlanıwın qadaǵalawdı támiyinlew;

9) Basqarmada kadrlardı tańlaw hám jay-jayına qoyıw, olardıń nátiyjeli iskerligi ushın zárúr sharayatlar jaratıw, aymaqlıq bólimlerdiń kadrlar rezervin qáliplestiriw;

10) Komitettiń oraylıq apparatı nomenklaturasına kiretuǵın basshı lawazımlarǵa usınıs etilgen kadrlardıń, sonıń menen birge, basqarmaǵa jumısqa qabıl qılınıp atırǵan basqa kadrlardıń professional, óz jumısın biliwi, ámeliy tájiriybege, joqarı dárejede islew qásiyetlerine hám ádep-ikramlılıq pazıyletlerge iye ekenligi kepilligin támiyinlew;

11) Basqarma xızmetkerleri tárepinen Ádep-ikramlıq qağıydaları talaplarına ámel etiwin támiyinlew;

12) huqıqtı qóllaw ámeliyatın hám nızamshılıqtı jedellestiriwge tiyisli ilajlardı islep shığıw hám ámelge asırıw arqalı basqarma sistemasında Ózbekstan Respublikası “Korrupciyağa qarsı góresiw haqqında”ğı Nızamı talaplarına muwapıq korrupciya hám basqa huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw ilajların kóriw, sonıń menen birge, olardıń júz beriwine kómeklesiwshi sebepler hám sharayatlardı anıqlaw, analiz qılıw, saplastırıw;

13) prognoz kórsetkishlerdiń orınlanıwın úzliksiz analiz etiw hámde aymaqlıq bólimler tárepinen bul kórsetkishlerge sózsiz erisiwdi támiyinlewge qaratılğan qosımsha ilajlar kóriw boyınsha usınıslardı Komitetke kiritiw;

14) Basqarma xızmetkerleri iskerliginiń nátiyjeliligi hám nátiyjeliligin sistemalı túrde sın kózqarastan analiz qılıw, jıynalıslarda olardıń jeke esabatların esitiw, olardıń juwmaqları boyınsha zárúr ilajlar kóriw;

15) Basqarma iskerligine tiyisli máseleler boyınsha nızamshılıqtı jedellestiriw, sonıń menen birge, mámleketlik xızmetler nátiyjeliligi, sapası hám olardan erkin paydalanıwdı asırıw boyınsha usınıslardı islep shığıw hámde olardı kórip shığıw ushın Komitetke kiritiw;

16) Basqarma quramına kiretuğın shólkemler iskerligin muwapıqlastırıw hám baqlaw;

17) fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatların kórip shığıw, Ózbekstan Respublikası “Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatları haqqında”ğı Nızamı menen belgilengen múddetlerde hám tártipte xalıq menen tuwrıdan-tuwrı hám ashıq baylanıstı jolğa qoyıw, fizikalıq shaxslardı hám yuridikalıq shaxslardıń wákillerin úzliksiz túrde jeke qabıllaw, sonday-aq, orınlarğa barıp qabıllaw;

18) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Xalıq qabıllawxanaları menen nátiyjeli sheriklik qılıw, olardıń iskerliginde aktiv qatnasıw, fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Virtual qabıllawxanasınan túsken barlıq múrájatlardı óz waqtında hám tolıq kórip shığıw;

19) Basqarma xızmetkerleri lawazım is haqısına sıylıqlar, ústemeler tólew, olarğa materiallıq járdem beriw, olardı sıylıqlaw, xoshametlew hám olarğa intizamiy shara qóllaw haqqında qarar qabıllaw, olardı mámleketlik sıylıqlar hám mákemelik sıylıqlar menen sıylıqlaw haqqındağı usınıslardı Komitetke kiritiw;

20) mámleket sırın yamasa nızam menen qorğalatuğın basqa sırdı quraytuğın

maǵlıwmatlardıń qorǵalıwın támiyinlew.

## 5-bap. Basqarmanıń basshı xızmetkeleriniń juwapkershiligi

12. Basqarma baslıǵı:

1) Basqarmanıń basshı xızmetkerlerine júklengen wazıypalar hám funkciyalardıń atqarılıwı;

2) bul Rejeniń 10-bántinde názerde tutılǵan Basqarma basshı xızmetkerleriniń juwapkershilik tarawları boyınsha;

3) bul Rejeniń 11-bántinde kórsetilgen óz funkcional wazıypalarınıń sapalı atqarılıwı ushın jeke juwap beredi.

13. Basqarma baslıǵınıń orınbasarı:

1) Basqarmanıń strukturalıq bólimlerinde ministrlikke júklengen wazıypalar hám funkciyalardıń atqarılıwı;

2) bul Rejeniń 11-bántinde názerde tutılǵan basshılıq etetuǵın máselelerge tiyisli juwapkershilik tarawları boyınsha jeke juwap beredi.

14. Basqarmanıń basqarıw apparatı strukturalıq bólimleri basshıları:

1) tiyisli strukturalıq bólimlerge júklengen wazıypalar hám funkciyalardıń ámelge asırılıwı;

2) bul Rejeniń 8-bántinde názerde tutılǵan Basqarmanıń juwapkershilik tarawları boyınsha jeke juwap beredi.

## 6-bap. Basqarma iskerligin shólkemlestiriw

### 1-§. Basqarma hákimshiligi

15. Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması baslıǵı hám onıń orınbasarları nızamshılıqta belgilengen tártipte lawazımǵa tayınlanadı hámde lawazımınan azat etiledi.

### 2-§. Basqarmanıń Komitet penen óz-ara birge islesiw tártibi

16. Basqarma Komitettiń oraylıq apparatınıń strukturalıq bólimleri menen birge islesedi, sonday-aq:

1) berilgen tapsırmalar orınlanıwı haqqında Komitet hákimshiligine maǵlıwmat beredi;

2) nızamshılıqtı ámelge asırıw boyınsha óz iskerligi nátiyjeleri haqqında oraylıq apparatqa maǵlıwmat usınıs etedi;

3) olardıń iskerligin tekseriw hám úyreniw nátiyjesinde anıqlanǵan istegi kemshiliklerdi hám qaǵıydabuzarlıqlardı saplastırıw nátiyjeleri haqqında maǵlıwmat beredi;

4) aymaqlardıń social-ekonomikalıq rawajlanıwı, sonday-aq, xalıqtıń turizm hám materiallıq mádeniy miyras tarawlarına tiyisli bar bolǵan aktual máselelerin saplastırıw júzesinen Komitettiń oraylıq apparatına usınıslar kiritedi;

5) kompleks social-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha sektorlar menen óz-ara birge islesiw nátiyjeleri haqqında maǵlıwmat beredi;

6) wákillikli shólkemler tárepinen ótkerilgen óz iskerligin tekseriw nátiyjeleri haqqında xabar beredi.

17. Komitettiń oraylıq apparatı strukturalıq bólimleriniń óz-ara birge islesiw processinde júzege keletuǵın kelispewshilikler Komitet baslıǵınıń tapsırmasına qaray onıń tiyisli orınbasarı hám másláhátshisi tárepinen kórip shıǵıladı. Eger kórsetip ótilgen kórip shıǵıwdan keyin kelispewshilikler tártipke salınbasa, ol boyınsha qarar tikkeley Ózbekstan Respublikası Ekologiya, qorshaǵan ortalıq hám ıqlım ozgeriwi ministri tárepinen qabıl etiledi.

### 3-§. Basqarmanıń basqa ministrlik hám mákemelerdiń aymaqlıq

### Bas bólimleri, jergilikli mámleketlik hákimiyatı uyımları hám basqa shólkemler menen óz-ara birge islesiwi

18. Basqarma óz wazıypaları hám funkciyaların ámelge asırıwda basqa ministrlik hám mákemelerdiń aymaqlıq bólimleri, jergilikli mámleketlik hákimiyatı uyımları hám basqa shólkemleri menen birge islesedi.

19. Basqarma tiyisli aymaqlardı social-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha “jol kartaları”n islep shıǵıwda hám ámelge asırıwda kompleks sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha sektorlar menen óz-ara jaqınnan birge islesedi.

## 7-bap. Basqarma iskerligi nátiyjeliligi hám nátiyjeliligin bahalaw

## kriteriyaları hám jumıs indikatorları

20. Basqarma iskerliginiń nátiyjeliligi úzliksiz bahalanıwı kerek.

21. Basqarma iskerligi nátiyjeliligi hám nátiyjeliligine berilgen bahalar

Ózbekstan Respublikası Ekologiya, qorshaǵan ortalıq hám ıqlım ózgeriwi ministri tárepinen tastıyıqlanatuǵın aymaqlıq bólimi iskerligi nátiyjeliligi hám nátiyjeliligin bahalaw kriteriyaları hám jumıs indikatorlarına tiykarlanadı.

22. Basqarma iskerligi nátiyjeliligi hám nátiyjeliligin bahalaw juwmaqları boyınsha:

a) Basqarmanıń bólim basshıları hám xızmetkerlerin xoshametlew (sıylıqlaw) yamasa intizamiy juwapkershilikke tartıw;

b) Basqarma iskerliginde anıqlanǵan kemshiliklerdi saplastırıw jáne onıń iskerligin jáne de jedellestiriw ilajları kóriledi.

23. Basqarma iskerligi nátiyjeliligi hám nátiyjeliligin bahalaw tártibi hám metodikası nızam hújjetlerine kóre belgilenedi.

## 8-bap. Basqarmanı qarjılandırıw hám materiallıq-texnikalıq támiyinlew, onıń xızmetkerleri miynetine haqı tólew hám olardı materiallıq xoshametlew

24. Basqarma iskerligin támiyinlew hám qarjılandırıw (sonday-aq, xızmetkerlerdi materiallıq xoshametlew) Qaraqalpaqstan Respublikası jergilikli byudjeti, sonıń menen birge, nızamshılıqta qadaǵan etilmegen basqa derekler esabınan Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi xızmetkerleri ushın belgilengen tártipte ámelge asırıladı.

Miynet iskerligi dawamında ayrıqsha órnek kórsetken xızmetkerlerge Komitet baslıǵınıń buyrıǵına tiykar qosımsha xoshametlew túrleri qollanıwı múmkin.

25. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi baslıǵı, basqarma baslıǵı (xızmetkerleri) ushın dáramatlar prognozınıń asırıp orınlanǵan aqshalardan hám byudjettiń arttırıp orınlanǵan bólegi esabınan qosımsha materiallıq xoshametlew túrlerin (ústeme haqı, qosımsha haqı, sıylıqlar hám miynet haqısına basqa tólemler) belgilew huqıqına iye.

## 9-bap. Basqarmanıń esabat beriwi

26. Basqarma baslıǵı aymaqtıń iskerligi haqqında Komitetke úzliksiz túrde esabat beredi.

27. Basqarma baslıǵınıń orınbasarı, bólim basshıları hám xızmetkerler tárepinen olardıń wazıypaları nátiyjeli orınlanıwı ushın iskerligi ústinen úzliksiz

túrde monitoring alıp baradı hám nátiyjeliligine qalıs baha beredi.

28. Monitoring hám bahalaw juwmaqları boyınsha ayrıqsha órnek kórsetken basqarmanıń lawazımlı shaxsları hám xızmetkerleri xoshametlenedi yamasa jol qoyılǵan qopal kemshilikler ushın iyelep turǵan lawazımınan azat etiwge shekem bolǵan juwapkershilikke tartıladı.

**10-bap. Jámiyetlik shólkemleri**

29. Basqarmanıń kásiplik awqamı jámiyetlik shólkemi esaplanıp, ol ámeldegi normativ-huqıqıy hújjetler tiykarında shólkemlestiriledi.

30. Basqarmanıń jámiyetlik shólkemi jámáátte social-psixologiyalıq ortalıqtı salamatlandırıw, xızmetkerler huqıqların qorǵaw, olardıń is sharayatların jaqsılaw, juwapkershiliklerin qáliplestiriw hám miynet intizamın bekkemlew sıyaqlı máselelerdi sheshedi.

**11-bap. Juwmaqlawshı qaǵıydalar**

31. Basqarmanı qayta shólkemlestiriw hám saplastırıw nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte ámelge asırıladı.

32. Usı Rejede sáwlelendirilmegen máseleler júzesinen payda bolǵan mashqalalı jaǵdaylar nızam hújjetlerine muwapıq sheshiledi.

33. Rejege ózgeris hám qosımshalar kiritiw onı tastıyıqlaw tártibine muwapıq ámelge asırıladı.

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023-yil 21-oktabrdagi
359-13-0-Q/23-son qaroriga
2-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm basqarması**

**1. Basqarma baslıǵı**

**2. Atqarıw tártibi hám múrájatlar menen islesiw boyınsha**

**bas qánige (1)**

**3. Jıyma málimleme tallaw hám statistika boyınsha bas qánige (1)**

**4. Insan resursların rawajlandırıw hám basqarıw boyınsha**

**bas qánige (1)**

**5. Bas yuriskonsult (1)**

**6. Buxgalteriya Bas esapshı (1)**

**7. Kancelyariya hám arxiv isleri boyınsha bas qánige (1)**

**8. PR, marketing izleniwleri, xalıqaralıq baylanıslar hám reytingler menen islesiw boyınsha bas qánige (1)**

**9. Basqarma baslıǵı orınbasarı**

**10. Investiciyalardı tartıw, isbilermenler menen islesiw hám olardıń iskerligin muwpıqlastırıw sektorı (2)**

Sektor baslıǵı (1)

Investiciyalardı tartıw, isbilermenler menen islesiw boyınsha bas qánige (1)

**11. Turizm xızmetlerin diversifikaciyalaw hám infrastrukturanı rawajlandırıw sektorı (2)**

Sektor baslıǵı (1)

Turizm xızmetlerin diversifikaciyalaw hám infrastrukturanı rawajlandırıw boyınsha bas qánige (1)

**12. Kiriw, ishki hám zıyarat turizmin rawajlandırıw sektorı (2)**

Sektor baslıǵı (1)

Kiriw, ishki hám zıyarat turizmin rawajlandırıw boyınsha bas qánige (1)

**13. Turizm tarawında kadrlar potencialın asırıw hám bilimlendiriw mákemeleri menen islesiw boyınsha bas qánige (1)**

*Basqarıw xızmetkeleriniń sheklengen sanı– 16.*

*Texnik hám xızmet kórsetiwshi xızmetkerler sanı ornatılǵan normalarǵa muwapıq belgilenedi.*